



Pou Piblikasyon Imedya: 13/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISPONIBILITE 16 MILYON DOLA POU DEVLOPE LOJMAN SIPÒ

**Demann pou Pwopozisyon pibliye pou ajoute 500 inite lojman sipò dispèse pou moun ki sanzabri nan Vil New York**

***Nouvo inite ki gen sèvis sipò yo pral disponib pou moun k ap viv ak maladi mantal nan lari yo oswa nan sistèm tren an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a disponibilite jiska 16 milyon dola nan finansman anyèl eta pou opere lojman dispèse ak sèvis sipò pou moun k ap fè fas ak sitiyaasyon sanzabri nan lari ak nan sistèm tren an nan Vil New York. Jere pa Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) eta a, finansman an pral ede devlope 500 inite adisyonèl ki bay lojman sipò, ki pral answit pran referans nan men ekip Sipò Opsyon Sekirite (Safe Options Support, SOS) nan vil la.

"Kounye a plis pase anvan, nou bezwen investi nan sistèm swen sante mantal nou an ak ranfòse sèvis tretman pou Nouyòkè ki manke lojman ki estab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inite sa yo pral bay alafwa yon kay ki an sekirite pou Nouyòkè ki pa loje yo ansanm ak sèvis sipò, pou asire moun ki pi vilnerab pami nou yo gen resous ki nesèsè pou pote estabilite nan lavi yo."

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal la, te deklare,** "Moun k ap viv ak maladi mantal, tankou nou tout, bezwen yon kote ki an sekirite pou viv nan yon anviwònman ki bay sipò. Inite lojman sipò sa yo pral bay anviwònman an sekirite ak sèvis ki nesèsè pou chak moun avanse nan rekiperasyon pa yo. Lojman nan kominote a enpòtan anpil pou pèmèt yon moun k ap viv ak maladi mantal viv yon lavi konplè ak pwodikatif."

Lojman ki bay sipò nan sit ki dispèse yo se lojman entegre ki gen apatman ki sitiye nan plizyè bilding atravè kominote a, chak konekte ak sèvis sipò kominotè ki baze sou bezwen rezidan an. Objektif la se mete moun ki pa loje yo nan yon anviwònman kote yo ka viv nan yon anviwònman endepandan epi ki konplètman entegre nan kominote pa yo. Se Inisyativ Lojman Sipèvize Empire State la (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) ki bay finansman an.

Inite sit ki dispèse yo pral konplete travay ekip Sipò Opsyon Sekirite yo ap fè, ki travay ak moun ki gen yon istwa maladi mantal ak/oswa twoub itilizasyon sibstans. Ekip miltidisciplinè sa yo te enskri 554 moun ki pa loje nan sèvis Entèkansyon nan Moman Krisyal (Critical Time Intervention), yo mete 176 ladan yo nan lojman tanporè. Anplwaye Lojman yo pral ankouraje epi ede rezidan yo devlope sipò kominotè yo, sèvi ak resous kominotè yo, epi pouswiv yon chemen endividyèl pou rekiperasyon an.

Aplikan yo dwe devlope omwen 15 inite epi yo ka aplike pou finansman pou opere jiska 60 inite. [Demann pou pwopozisyon an](#) fikse yon dat limit 30 janvyè pou soumisyon yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418